Pou Piblikasyon Imedya: 10/05/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU MONIMAN ISTORIK ETA NOUYÒK YO LIMEN BLE NAN OKAZYON SEMÈN NASYONAL REKONESANS LAPOLIS LA

Sèz Moniman istoik atravè Eta a ap limen ble nan aswè dimanch 10 me a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo pral limen 16 moniman atravè Eta Nouyòk an ble aswè a, dimanch 10 me a, an rekonesans ak Semèn Nasyonal Lapolis la (National Police Week) pou onore sèvis ak sakrifis ofisye lapolis yo atravè Eta Nouyòk ak nasyon an.

"Pandan Semèn Nasyonal Lapolis la, nou onore gason ak fanm brav ki riske lavi yo chak jou pou pwoteje kominote nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou sonje tou ofisye ki te sakrifye lavi yo pou sèvi lòt moun ak mezi dezenterese yo te pran pou pwoteje Nouyòkè yo. Nouyòk rekonesan pou kouraj, angajman ak devouman ofisye lapolis yo atravè eta nou an."

Yo pral limen moniman sa yo an ble aswè a:

- One World Trade Center
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) la
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Lake Placid Olympic Center
- Sal Tren Moynihan (Moynihan Train Hall)
- MTA LIRR - Pòtay East End nan Penn Station
- Chit Niagara (Niagara Falls)
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Fa Roosevelt Island

Semèn Nasyonal Lapolis la, ki selebre ane sa a soti dimanch 10 me pou rive samdi 16 me, rekonèt sèvis ak sakrifis ofisye lapolis yo epi rann omaj a moun ki pèdi lavi yo nan travay yo.

Sirentandan Lapolis Eta New York la (New York State Police), Steven G. James, te deklare, "Semèn Nasyonal Lapolis la se yon rapèl solanèl sou kouraj, sakrifis, ak angajman san fay ke ofisye lapolis yo demontre chak jou atravè eta nou an ak nasyon an. Nou onore memwa moun ki te fè sakrifis siprèm nan sèvis lòt moun, epi nou rekonèt devouman gason ak fanm ki kontinye pwoteje kominote nou yo avèk pwofesyonalis, entegrite ak konpasyon. Nan non Lapolis Eta Nouyòk la, nou remèsye tout manm lapolis yo ak fanmi yo ak tout fanmi yo pou sèvis ak sakrifis yo."

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta Nouyòk la (New York State Division of Criminal Justice Services), Rossana Rosado, te deklare, "Semèn Nasyonal Lapolis la se yon opòtinite pou rekonèt devouman ekstrawòdinè pwofesyonèl lapolis yo ki travay chak jou pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Nan non Lapolis Eta Nouyòk la, nou remèsye tout manm lapolis yo ak fanmi yo ak tout fanmi yo pou sèvis ak sakrifis yo."

Eta a te fèk òganize Seremoni Komemorasyon Anyèl Ofisye Lapolis li a (Police Officers Memorial Remembrance Ceremony) nan Empire State Plaza, kote Gouvènè Hochul te onore 56 ofisye ki gen non yo te ajoute nan Moniman Ofisye Lapolis Eta Nouyòk la (New York State Police Officers Memorial).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU